# КлассщIыб лэжьыгъэ

# Темэр: «Анэ лъагъуныгъэм кIэ имыIэ…»

**ЕзыгъэкIуэкIар – адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Шыд Ф.С.**

**2025 гъ.**

**Мурадыр:**

**I. Анэхэм теухуауэ адыгэ усакIуэхэм ятха усэхэм щыгъуазэ щIын.**

**2. Усэхэм анэм иIэ пщIэр, нэмысыр, гуапагъэр, дахагъэр, гу щабагъэр къызэрыщыгъэлъэгъуам, езы усакIуэхэм фIылъагъуныгъэкIэ анэхэм зэрыхуэусэм кIэлъыгъэплъын.**

**3. Удихьэхыу, гум дыхьэу къеджэфу егъэсэн.**

**Егъэдж.** Фи махуэ фIыуэ ди хьэщIэ лъапIэхэ! Зи цIэ лъапIэр гум щыдгъафIэу фIыгъуэ псомкIи дызыхуэупсэну ди анэхэм фи махуэ лъапIэмкIэ дынывохъуэхъу. Зы махуэкъым гулъытэ щыфхуэфащэр, атIэ гъащIэм и дэтхэнэ зы дакъикъэри фи дежкIэ гъэнщIауэ щытын хуейщ ди лъагъуныгъэкIэ, ди гумащIагъэмкIэ, ди гуапагъэкIэ, пщIэкIэ. НэщIщ, IэфI щIэлъыжккъым фэрыншэмэ гъащIэм. Фэращ ди гъащIэм и къуэпсыр. Фэращ унагъуэм и лъапсэр. Унэ лъабжьэр быдэмэ, къэралри лъэщщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Хэкумрэ Анэмрэ сыт щыгъуи зэпыщIащ, зэгъусэщ: тIум языхэз фIэкIуэдмэ, цIыхур насыпыншэщ.

**Едж. Мыкъуэжь Анатолэ. «Анэ» усэр**

ГъащIэр ехь
И быным тегужьеикIауэ:
Жьыр къепщамэ,
ФIощI ирихьэжьэн.
Къытехъуам уэлбанэ,
Унэм ар щIэкIауэ,
Псыдзэм ихьын фIэщIу,
Ныпежьэнщ.
Химыгъэхьэ жэщым,
Химыгъэхьэ щIыIэм-
ФIощIыр псоми зыгуэр къращIэн…
Дыгъэ закъуэрщ анэм
Дзыхь зыхуищIу щыIэр:
А тIум зэщхьщи аращ я хьэл-щэн.

**Егъэдж.** Нобэ дэ фэдгъэлъэгъуну классщIыб лэжьыгъэр зытеухуари ди анэ лъапIэхэрщ. Анэмрэ бынымрэ яку дэлъын хуей гуапагъэр, хуабагъэр, пщIэр, намысыр нэхъри егъэфIэкIуэн зэрыхуейр, зэи зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунырщ ди мурадыр.

Анэ, сыту псалъэшхуэ ар. Анэ псалъэр щыжыпIэкIэ гущIэр егъэпIейтей. Анэ зимыIэм гуIэр и махуэщ, ауэ жиIакъым ар пасэрейм. А псалъэхэм урагъэгупсыс Iэщабэ-Iущабэу, хуэсакъыу анэхэр хъумэн зэрыхуейр.

**Едж.** Анэр дунейм и дыгъэщ.
Анэр дунейм и мазэщ.
Анэр дунейм и жылэщ.

А псалъэхэм купщIэшхуэ хэлъщ, арауи жыпIэ хъунущ цIыху гъащIэр пызыщэр.

**Егъэдж.** Анэм и гур…

Дуней псор ихуэнущ абы, щIы хъурейр зы хьэдзэ щыхъун- щымыхъунщ. Аркъудейкъым. Анэм и гум ежалIэ дэтхэнэ зы къуэпсри гъэнщIащ нэхугъэрэ гуапагъэрэкIэ, гуфIэгъуэ нэпсрэ гухэщI нэхукIэ. ЦIыхубзым и гур гуфIэгъуэми гуауэми, гуныкъуэгъуэми гухэхъуэми джэрпэджэж хуохъур.

**Едж. Усэ. Бицу Анатолэ «Зэгуэр уи анэм…»**

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Ухэтми дэпым-уэ зэщIэувыIыкI.
Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Ажалу щытми къожьэр-къызэплъэкI.

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Сэр никъуэкъыихмэ сампIэм-ар илъхьэж.
Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Шэ бутIыпщам-лъэщIыхьи къегъэзэж.

МафIэс, къурш лъалъэ, дунейр зыхьыж псыдзэ…
ЩымыIэ, си анэ, сэ сызубыдын.
Щызэхэсхам къыбжьэдэкIауэ си цIэ,
Ар схулъэкIынщ сэ, сэ уэ сурибынщ.

Ауэ сыкъыщожалIэм щтэIэщтаблэу,
Дапщэщи хуэдэу къызжеIэ къудей;
«Сигу укъэкIауэ арат тIэкIу, си щIалэ…»-
ГуфIэгъуэм си псэр хэткIухьынщ абдей.

Семыжьэ, хьэуэ, Iей-Тхьэм имыухкIэ
Къэхъуну иужь дыдэу сыщебджэж!
ИтIани къытезгъазэу жызоIэж:
«Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
И пащхьэм, псынщIэу нэси, сыну щыж»

**Егъэдж.** Девгъэгупсысыжыт псори, зэгуэр и анэ хэт и жагъуэ ищIами, хэт игу хигъэщIами. Анэхэм я гур махэщ, анэхэм я гур пIащIэщ. Ахэм я макъ унэм щIэмытмэ абы нэхъ Iей сыт щыIэ мы дунейм

**Едж.** Анэм и макъыр.

Анэм и макъыр щысхуэбзэрабзэкIэ,
КъысфIощI си Хэкур къэзгъуэтыжа.
ЖызмыIэфыни анэдэлъхубзэкIэ
Къысщохъур зыри къэмынэжа.

Анэм и макъыр щысхуэбзэрабзэкIэ,

Бзухэм я усэр сфIощI ефэгъуэкI.
ГъащIэ, зыгуэркIэ укъысхуэупсэмэ,
Анэм и макъым сыпумыгъэкI.

Анэм и макъыр псэм дощIэращIэ,
Анэм и псалъэм гур егъэин.
Анэм и макъым тынш ещI си гъащIэр,
Къару къысхелъхьэ, сещIыр нэхъ ин.

**Егъэдж** Анэм и гущIэгъур инщ. Дунейр зытезыIыгъэр - анэм и лъагъуныгъэмрэ и псэм хэлъ мафIэмрэщ. Анэм и псэм хэлъ мафIэрщ щIы хъурейм и натIэм щылыд дыгъэр, абы и гущIэм щыбзэрабзэ лъагъуныгъэм зи гур къимыуIэ гъуэтыгъуейщ.

**Едж. Усэ. Мыкъуэжь Анатолэ «Псалъэ жагъуэ»**

Зэгуэрым семыгупсысу
Зы псалъэ къызжьэдэкIат.
Ар мамэ и гущIэм нэсри
И нэпсхэр къыщIигъэкIат.

КIиякъым, мамэ схуэшхыдэу
Зы псалъи къызжимыIат.
И Iэлъэщ I кIапэм щэху дыдэу
И нэпсхэр кIуэцIигъэпщкIуат.

А напIэзыпIэм си псалъэм
СыкIэлъыпхъуэнут слъэкIам,
Ауэ шэм хуэдэкъэ псалъэр-
Къимыгъэзэж пIэщIэкIам.

СымыщIэу сщIэнур, сыхэплъэу
Сэ махуэ псор есхьэкIат:
Мамэ и жагъуэ хъун псалъэ
Щхьэ си жьэм къыжьэдэкIа?

Сэ шыгъушыпсыпIэм сыхэлъу
Жэщ кIыхьри езгъэкIуэкIат:
Зи псэм щыщ хъуахуэ къысхэлъым
Сэ дауэ сегуэуэкIа?

Анэхэм нэхърэ нэхъ пIащIэ,
Нэхъ махэ умыгъуэтын.
Зы мыхьэнэншэу къыпфIэщIри
Яхуохъур ахэм удын.

Дахущывгъэт нэхъ гумащIэу,
Анэхэм дахуэвгъэсакъ.
Сэ псалъэ жагъуэу жысIар зэ
ЗезгъэIэтауэ си макъ-
Тенауэ, къупщхьэ къысфIэщIу,
Иджыри фIэлъщ си тэмакъ.

**Егъэдж.** Зи лъагъуныгъэмрэ зи гущIэгъумрэ ин цIыхущ Анэр. А хъугъуэфIыгъуэ мылъытэхэр гугъуехьми гуауэми пхрихыфу ирегъасэ абы и зы дэтхэнэ бынри. Анэм и гур йобгъэрыкIуэ быным и лъагапIэщIэхэм. Зы лъагапIэ къищтэмэ, анэм и гум ирешалIэ бынbackslash къыкIэлъыкIуэ лъагапIэщIэхэм. ЛъагапIэ дапщэ быным гъащIэм къыщищтэми, абы и дэтхэнэ лъагапIэми нехьэсыф и псэ дахагъыр, и лъагъуныгъэр, и гуращэр, и гу къабзагъэр. «Уи дежщ зыдэжэр псом япэ си гур, Уэрщ къысщызыщIыр IэфI си дунейр»- итхащ КIэщт Мухьэз.

ФэрыщIагъ хэлъкъым а псалъэхэм. Сыту жыпIэмэ, а псалъэхэмкIэ уи нэгу къыщIохьэ зи бгъафэ ущIэлъа уи анэр, уи щхьэфэм Iэ къыдэзылъа тхьэмадэ жьакIэхур, лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ ухуэзыузэщI уи адэр, гумащIагъэ къыпхэзылъхьэ уи шыпхъухэр.

Анэр, лъахэр, щIыналъэр-абы нэхъ лъапIэ бгъэдэлъынкIэ хъунукъым цIыхум.

**Уэрэд. Вындыжь Марие «Си мамэ, си дамэ!»**

КъысхуэгуфIэт уэ, си мамэ,
Уи гум вагъуэу сыщыблэнщ.
Е, си анэ, уезэшамэ,
Сэ уэрэдкIэ пщхьэщысхынщ.
Ежьу:
Уэрщ, си мамэ, псэм и дамэр,
Дамэу стетри уэращ.
Си уэрэдым и макъамэм
Псэуэ хэслъхьэри уэращ.
УщыгуфIэм деж, си анэ,
Сигури уэ къыбдогуфIыкI.
Сыхэбгъэлъу щытми данэ,
Уи гуфIакIэр йохуэбэкI.
Iейуэ щыIэкъым зы Ани,
Я нэхъ дахэхэр аращ.
Сахэдэжмэ, итIани
Къыхэсхынури уэращ.

**Егъэдж.** Анэ псалъэр щыжыпIэкIэ гущIэм зыкъыдегъазэ. Абы быным хуиIэ лъагъуныгъэм кIэ иIэкъым, сытым дежи балигъ хъуами, ар сабийщ анэм дежкIэ, и гур хуэмыгъуэщ жэщи махуи, мы дуней псом тету пIэрэ адэ-анэм хуэдэу псэ къабзэрэ гу хьэлэлрэ зиIэ нэгъуэщI цIыху! ЯлъэкIамэ, быным и зы щхьэц налъэ хагъэхунтэкъым. ДэкIамэ, къыдэмыхьэжын къафIощIыр, жьы къепщамэ, ирихьэжьэнкIэ шынэу мэпсэу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, анэм и гур сытым щыгъуи быным и гъусэщ, аращ анэр нэм щIыхуагъадэри, абы и щыхьэтщ мы усэр.

**Едж:**
ГъащIэр ехь
и быным тегужьеикIауэ:
Жьыр къепщамэ
ФIощI ирихьэжьэн.
Къытехъуам уэлбанэ,
Унэм ар щIэкIауэ,
Псыдзэм ихьын фIэщIу
Ныпежьэнщ.

**Егъэдж.** Анэ лъагъуныгъэм кIэ имыIэ, пэжыр жыпIэм куэд Iей ар хуэмей, илъагъу закъуэу щытмэ бынхэм я гуфIэгъуэ, къыхуащIэну псори къыхуащIащ.

**Едж. Усэ. «Анэр бынхэм сыткIэ ящыгугърэ?**

Анэр быным сыткIэ ящыгугърэ?
ЖысIэнщ пэжи куэд Iей ар хуэмей.
Илъагъу закъуэу щытмэ бын гуфIэгъуэ,
Къыщохъу абы дуней фIыгъуэр ей.

Я нэщIэбжьэ бынхэм имылъагъумэ,
Плъыжь дэмыхъумэ псэкIэ къигъэщIам.
И жьы хъугъуэм фIыуэ тIэкIу къалъагъумэ,
КъыхуащIэну псори къыхуащIащ.

Куэд хуей анэр?
И пхъум и IэфIыгъэ,
Къуэ гулъытэ, IэфIагъ тIэкIущ зыхуейр.
Дунейм щехыж махуэм къуэм и лIыгъэ,
Пхъум и гъыбзэ, и нэпс-аркъудейщ.

**Егъэдж.** Анэм и быным лей къытримыгъэхьэн, ихъумэн папщIэ мафIэ лыгъэм хыхьэфынущ, хуей хъуми и псэр итыфынущ. Абы быным хуимыщIэн

фIыгъуэ телъкъым мы дунеишхуэм, ауэ ахэр зыхэзымыщIыкI бынхэри щыкуэдщ мы гъащIэм, абы и щыхьэтщ иджыпсту фэдгъэлъэгъуну-пычыгъуэр.

**Сценкэ гъэлъэгъуэн.**

**Авт.** И щхьэгъусэр дунейм ехыжауэ зы фызабэ гуэр псэурт. Абы зы къуэ цIыкIу закъуэ фIэкI иIэтэкъым. Арат абы мы дуней дахэшхуэм гурыфIыгъуэу щилъагъуну иIэххэри! Зы гъэмахуэ пщыхьэщхьэ гуэрым мыпхуэдэу къэхъуащ. Анэр и къуэ закъуэм зыкъомрэ бгъэдэта нэужь:
**Анэ:** Иджы, си дуней нэху, дыгъэгъуэлъыж! Мы дуней нэхушхуэм  алыхьым гу щыуигъахуэ!

**Теуэ макъ.**

**Псэхэх:** Уи хъуэпсапIэр къохъулIэнукъым, анэ насыпыншэ!
**Анэ:** Ухэт уэ?
**Псэхэх:** Сэ сы-Псэхэхщ! – Уи къуэ закъуэм и псэр хэсхыну сыкъэкIуащ.
**Анэ:** КхъыIэ, псэхэх, си нитIыр ищIи хьэфизу дунейм  сыкъытенэ! Си тхьэкIумитIыр сIыхи дэгу сагъроуэ дунейм сытеутIыпщхьэж! Ауэ си къуэ закъуэм и псэр хыумых! Щхьэщэ пхузощI- гущIэгъу къысхуэщI!
**Псэхэх:** Хьэуэ. Ар зэрыпхуэсщIэн фIыгъуэ щыIэкъым.
**Анэ:** КхъыIэ, псэхэх, иджыри зы тхьэмахуэ закъуэ пIалъэу къызэтыж. Зы тхьэмахуэ закъуэкIэ си щIалэ цIыкIур сыгъэлъэгъуж.
**Псэхэх:** Ирехъу апхуэдэу, анэ насыпыншэ!
**Анэ:** НакIуэ, си щIалэ, мы бгъуэнщIагъыжьым дыщIэтIысхьэмэ, псэхэх угъурсызым дыIэщIэкIауэ къэплъытэ хъунущ.
**Псэхэх:** Ущоуэ, анэ насыпыншэ!
**Анэ:** Ухэт уэ?
**Псэхэх**: Сэ сы-псэхэхщ! Уэста пIалъэр къэсати, уи щIалэ закъуэм и псэр хэсхыну сыкъэкIуащ.
**Анэ:** КхъыIэ, Псэхэх, хьэфизи сыщI, дэгуи сыщI, бзагуи сыщI! А псом нэмыщIкIэ, япэ щIыкIэ сэ си псэр хэх, ауэ си щIалэ цIыкIу закъуэм и псэр хэпхауэ сумыгъэлъагъу!
**Псэхэх:** Хьэуэ. Ар зэрыпхуэсщIэн фIыгъуэ щыIэкъым.
**Анэ:** КхъыIэ, Псэхэх, иджыри зы тхьэмахуэ закъуэ пIалъэу къызэтыж. Зы тхьэмахуэ закъуэ си щIалэ цIыкIур сыгъэлъэгъуж.
**Псэхэх:** Ирехъу апхуэдэу, анэ насыпыншэ!
**Анэ:** НакIуэ, си щIалэ, тэхъуанэр быдэу гъэжащ, абы жьы дэхупIи, псы дыхьэпIи, нэху дэдзыпIи иIэкъым, абы дисмэ псэхэх угъурсызым дыIэщIэкIауэ къэплъытэ хъунущ!
**Псэхэх:** Ущоуэ, анэ насыпыншэ!
**Анэ:** Ухэт уэ?
**Псэхэх:** Сэ сы-псэхэхщ! Ещанэу, уэста пIалъэр къэсати, уи щIалэ закъуэм и псэр хэсхыну сыкъэкIуащ.

**Анэ:** КхъыIэ псэхэх, хьэфизи сыщI, бзагуи сыщI! А псом нэмыщIкIэ, япэ щIыкIэ сэ си псэр хэх, ауэ си щIалэ цIыкIу закъуэм и псэр хэпхауэ сумыгъэлъагъу!
**Псэхэх:** Еуей. Сыту Iейщэу дзыхэ сыкъэпщIа, анэ насыпыншэ, уэ кIуэж, уи щIалэм сэ зы лъэIу хузиIэщи ар жесIэнущ.
**Псэхэх:** Иджы, си щIалэ, уэ къэдаIуэ, уи анэ тхьэмыщкIэм и фIыгъэкIэ уи псэр хэсхыну сэ къэзгъэнащ, ауэ зы лъэIу пхузиIэщ, кIуэжи уи анэм и гур къысхуэхь. Махуищыр пIалъэу сэ узотыр.
**Авт.:** ЩIалэр и шым мэшэсыжыр. И унэм щIалэм егъэззэж. И Iэгур гушхуэм-къегъэнэху. Абдежым ар мэлъэпэрапэ, анэгури щэхуу къопсэлъапэ: «игъэуза си щIалэ нэху?!»

Анэм быныр зэрилъагъур
Псы ежэхым и кIыхьагъщ,
Быным анэр зэрилъагъур
Телъ лъэмыжым и кIыхьагъырщ.

**Егъэдж**. Нобэ зы лъэпкъи зыужьыныгъэ игъуэтынукъым, адрей лъэпкъхэм къуэпс быдэкIэ япымыщIамэ. Зиужьынукъым, анэхэм нэпс щIагъэкIыу, сабийхэм я дыхьэш макъ къэмыIуу. Зым и мыгъуагъэкIэ адрейр насыпыфIэ хъуркъым.
ЩремыIэ зэи зауэ, щIремыгъэкI зы Ани нэпс!

**Едж. Усэ. Джэдгъэф Б. «Анэхэр фэ зэикI фымыгъагъ»**

Анэгу щабэр сыту уIэгъуафIэ,
Зы нэщхъ закъуэм ар егъэпIейтей.
Бын гуфIэгъуэм зыныдимыгъафIэм,
Хуэдэщ хым зэрихуэ кхъуафэжьейм.
Маржэ, фхъумэхэнум зы дахагъ,
Анэхэр фэ зэикI фымыгъагъ.

Анэгу щабэм лъагъуныгъэу иIэр
Псалъэ дыджым сэшхуэу зэпеупщI.
Ар хъуэрыбзэ IейкIэ фымыуIэ.
Анэ куэщIыр нэпскIэ фымыгъэнщI.
Маржэ, фхъумэхэнум зы дахагъ,
Анэхэр фэ зэи фымыгъагъ.

Анэгу къабзэр сыту лъагъугъуафIэ,
Ар гуапагъэ псом я джэрпэджэжщ.
Хэлъщи дыгъэ нуру гъащIэ IэфIым.
Ди псэр щимыгъащIэ гукъыдэж.
Маржэ, фхъумэхэнум зы дахагъ,
Анэхэр фэ зэи фымыгъагъ.

Анэр гуIэм – щIылъэри гуIэнущ,
ЩIэлъыжынкъым фIыгъуэ уафэ щIагъ.
Гъэхэр насыпыншэу етхьэкIынущ.
Тетыжынкъым дунейм зы гуапагъ.
Маржэ, фхъумэхэнум зы дахагъ.
Анэхэр фэ зэи фымыгъагъ.

Дуней псор зи гум изыгъэхуэф, быным и натIэм къытридзэ дэтхэнэ зы лэрыгъури зи гукъуэпсым пыщIа Анэм и псалъэм пэхъун хъугъуэфIыгъуэ гъуэтыгъуейщ. ЦIыхум и гум лъагъуныгъэу илъым я нэхъ IэфIыр, я нэхъ къабзэр, я нэхъ гуащIэр анэм хуиIэ гурыщIэр ару зэрыщытын хуейм шэч хэлъкъым.

**Уэрэд: «Си анэ»**

**1.** КъысхуэгуфIэт уэ си анэ
Мазэ нуру пыгуфIыкI
Ей си анэ, уезэшамэ
Сэ уэрэдкIэ пщхьэщысхынщ
Ежьу: Ей си анэ, псэм и дамэ
Дамэу стетри уэращ
Си уэрэдым и макъамэм
Псэуэ хэслъхьэри уэращ

2. УщыгуфIэм деж си анэ
Си гур уэ къыпщогуфIыкI
Сыхэбгъэлъу щытми данэ
Уэ уи IэплIэр йохуэбэкI
Ежьу: Ей си анэ, псэм и дамэ
Дамэу стетри уэращ
Си уэрэдым и макъамэм
Псэуэ хэслъхьэри уэращ

3. Iейуэ щыIэкъым зы ани
Я нэхъ дахэри аращ
Сахэдэжми сэ итIани
Къахэсхынури уэращ.
Ежьу: Ей си анэ, псэм и дамэ
Дамэу стетри уэращ
Си уэрэдым и макъамэм
Псэуэ хэслъхьэри уэращ

**Егъ.:** Анэм теухуауэ зы тхыгъэ нэхъ мыхъуми зи Iэдакъэ къыщIэмыкIа

тхакIуэ щыIэкъым жыпIэми ущыуэну си гугъэкъым. Анэ псалъэр Алыхь-талэм и тыгъэ нэхъыфIхэм щыщу жыпIэ хъунущ, арауи къыщIэкIынщ мыпхуэдэ псалъэжьхэри щIыщыIэр:

**Едж.** Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джэдыгурэ.
Анэ зимыIэм гуIэр и махуэщ.
Анэр нэщи, адэр лъэпкъщ.
Анэм и быным хуищIэр фIэмащIэщ.
Анэм къуипэсыр гунэсщ
Анэм къуитыр IэфIщ.
Бынyр нэм и хъуахуэщ.
Анэм и щапхъэр пхъум и бзыпхъэщ.
АнэнэпIэсыр уэсым нэхърэ нэхъ щIыIэщ.
Бзаджэр уи пэшэгъумэ, уи анэ мыгъуэ хъунщ.
АнэнэпIэсрэ гупкIэ тIысыпIэрэ.
Сабийм адэ имыIэжмэ, зеиншэкъым, анэ имыIэжмэ, зеиншэщ.
Анэр нэм хуэдэщи, адэр дэм хуэдэщ.
Анэм и гъуапэр пхъум и джанэщ.
Анэм и хабзэр пхъум и бзыпхъэщ.
АнэIэм къуитыр IэфIщ.
Анэ зимыIэ сабийр, адэ иIэми, ибафэщ.
Анэм быныр и зэхуэдэщ.
Быныр анэм и хъуахуэщ.

**Егъэдж.** Быну щыIэм ягу сыкъипсэдъыкIыу
Анэ псоми хъуэхъу сэ фхузоIэт.
Къахуэвгъэгъуу быным я сакъатыр
Насып лъагэм фи щхьэр фигъэIэту
Бын гуфIэгъуэм напщIэр дыхэлъэту
Жьыщхьэ махуэу бынхэм фащхьэщыт.

Ди зэIущIэр абдеж и кIэм нэсащ.  Узыншэу фыщытхэ!!!